Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

12+ № 1 (93190) / 1 январь 2018 с. / итни 14 Рабиг1уль-ахир 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

**РИЩИЯЛ - 2018** РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩИЗЕ ХУТ1АНА 77 КЪО!

## Поздравляем!

***В преддверии Нового года мы непременно ждем чуда и испытываем надежду на то, что в следующем году все обязательно получится.***

***С Новым 2018 годом вас!***

Желаем неиссякаемой жизненной энергии на будущие 365 дней, потрясающей удачи на все 12 месяцев и отличного настроения на грядущие 52 недели. Пусть с первого января начнется новая, интересная, насыщенная и яркая жизнь. Здоровья вам и близким. С Новым годом!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

***Уважаемые казбековцы!***

Сердечно поздравляю вас с Новым годом! Пусть он станет каждому из вас тем годом, в котором исполнятся все ваши надежды и мечты. Желаем вам здоровья, счастья и успехов в жизни.

*Депутат НС РД М.-п. (К.-п.)Д. УМАХАНОВ.*

Вот мы и вступили за порог Нового года 2018 года. Пусть в старом году останутся все ваши проблемы, а новый год придет с новыми возможностями. Желаем вам здоровья, терпения, счастья, достатка и исполнения всех желаний. С Новым годом, друзья!

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.*
*Руководитель исполкома местного отделения ВПП «Единая Россия» С.Г. АЛТУМИРЗАЕВ.*

***Х1урматиял районцоял!***

Рак1-рак1алъ баркула нуж киназдаго т1аде щвараб Ц1ияб сон! Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талих1, роц1араб зоб ва гьабулебщиналъулъ бит1ккей. Т1ураги нужер анищал!

*Ригь аразул Советалъул председатель М.Г1. ЧУПАЛАЕВ.*
*Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1. А. АДИМИРЗАЕВ.*
*Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1. МУХ1АМАДХ1АБИБОВ.*

***Баркула Ц1ияб сон!***
***Х1урматиял районцоял!***

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, баркизе нужеда Ц1ияб 2018-аб сон. Гьаризе нужее кидагосеб сахлъи, талих1, рохел ва киналниги анищалгун мурадал т1урай.

*Ш. ЯНДАЕВ, районалъул х1урматияв гражданин.*

## Баркула Цlияб сон!

***Тlоцебе цlияб сон баркула дица***
***«Чапар» газеталъул коллективалда.***
***Киданиги цоцай жал хилиплъичlел,***
***Хlурмат тlадегlанал гьудулзабазда.***

***Хъизан-лъималазда, гlагарлъиялда,***
***Гуни росуялъул жамагlаталда,***
***Цlакъго дагьлъун ругел дир кьерилазда,***
***Кьогlаб лъльар борхарал ветераназда.***

***Гьаб нилъер ракълилаб гlумру цlунизе,***
***Кодоб ярагъ ккурал гlолохъабазда***
***Садикazде унел гьал гьитlичазда,***
***Ботlрол рас хъахlлъарал педагогазда.***

***Нахъеги Цlияб сон баркула дица***
***Школлъималазда ва студентазда,***
***Гьезий дарсал кьолел мугlалимазда,***
***Гlакълу-лъай камилал гlалимзабазда.***

***Гlадамазул сахлъи цlунилин абун,***
***Гьедун рагlи кьурал тохтурзабазда***
***Дагъистаниязда, Россияназда,***
***Гьаб ракьалда ругел нилъ рокьулезда.***

***Гьарула нужее гьаб кьойил дица***
***Ракълилаб гlумруги рохел-талихlги***
***Нилъер мурадалги нилъер къасдалги***
***Тlураги Аллагьас гьаб цlияб соналъ.***

***Гlи-боцlи гьулчаги, чед гьарзалъаги,***
***Чвантиниб кидаго гlарац букlаги.***
***Рахlматал гьарзаяб, балагьал гьечlеб,***
***Инсаниялъе батаги гьаб сон.***

*М-бег АБУЛАЕВ,*
*Россиялъул журналистазул Союзалъул член, Гуни росу.*

## АТКялъул данделъиялда...



27 декабралда тlобитlараб терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъиялда гlахьаллъана-гьеб хlалтlи жиделе тlаде кколел гlуцlабазулгун райадминистрациялъул жавабиял хlалтlухъаби ва цогидалги.

Данделъиялда бицен гьабуна 2017 соналъ АТКялъ, планалда рекъон, гьабураб хlалтlул хlасилазул, Цlияб соналъ тlоритlулел тадбиразда хlинкъигьечlолъи чlезабиялъул, гlемерал гlадамал данделъулел бакlал терракталздаса ц1униялъе паспортал гьариялъул, Интернеталда терроризмалъул идеологиялъулъе г1олилал ц1алезде данде къеркьеялъул хlалтlи гьабиялъул. Комиссиялъ лъагlалида жаниб гьабураб хlалтlиялда тlасан гlатlидаб кlалъай гьабуна жамгlияб хlинкъигьечlолъи чlезабиялъул рахъалъ районалъул бетlерасул заместитель И.Б. Салимхановас.

Жидерго гlуцlабазда терроризмалде данде къеркьеялда, гьелде гlолилал риччангутlиялда сверухъ гьабулеб хlалтlул бицана- культураялъул отделалъул начальник А.К. Ибрагьимовас, РУОялъул начальникасул заместитель Гl. Г1.-р.Закарьяевас, **«Салатавия»** студиялъул журналистка М.Ш. Яндаевалъ. Цlияб сон кlодо гьабиялда хурхун, тlоритlулел тадбиразда хlинкъигьечlолъи чlезабиялда сверухъ гьабизесеб хlалтlул бицана-ОМВДялъул начальникасул заместитель С.М. Салатгереевас ва районалъул бетlерасул заместитель И.И.Шабазовас.

Чара гьечlого цlунизе кколел, гlемерал гlадамал ракlарулел бакlазул паспортал хlадуриялда тlад гьабизе кколеб хlалтlул бицине вахъана ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул начальник И.Х. Мухlамадов.Интернеталдасан терроризмалъул идеологиялде гlолилал цlаялде данде гьабулеб хlалтlул бицана районалъул бетlерасул пресс-секретарь, рехсараб хlалтlи гьабулеб группаялъе нухмалъулей Н.В. Качалаевалъ.

Данделъиялъул хlасил гьабулаго, Хl.Хl. Мусаевас абуна: ***«Бихьулеб буго гlезегlанго хlалтlи гьабун букlин, амма гьелда гlей гьабизе бегьуларо. Хlалтlи гьабизе ккола, гьоркьоб къотlичlого, ва цолъун. Цадахъаб хlалтlиялъ гурони, лъикlаб хlасилги кьоларо»***,-ян.

*М.-Ш. ГlАБДУЛАШИМОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

# Мах1ачхъалаялда студентазулгун дандч1вай



20 декабралда Дагъистаналъул пачалихъияб медуниверситеталъул минаялда т1обит1ана нилъер районалдаса гьенир ц1алулел студентазулгун дандч1вай.

Районалъе нухмалъулезулгун диният идаралъул рух1ияб лъайкьеялъул отделалъ ва **«Ниж - Казбекалъул г1олилал»** г1уц1иялъул жигаралдалъун т1обит1араб гьеб данделъиялде г1ахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1ажимурад Мусаев, гьесул заместителал: Ильяс Шабазов, Икрамудин Салимханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъирисхан Гъирисханов, РУОялъул начальник М-расул Мах1амаев, районалъул имамзабазул Советалъул председатель Шамиль Къурбанов, Дагъистан Республикаялъул мустах1икъай тохтур Хасайбат Нуцалова, медицинаялъул г1елмабазул кандидатал Х1абиб Г1исаев, Г1иса Салманов, спорталъул рахъалъ олимпиадаялъул чемпион Мансур Г1исаев ва гь.ц.



Данделъиялда к1алъазе вахъарав Х1. Мусаевас абуна: **«Гьалмагъзаби! Гьадинал данделъаби цогидал районаз т1орит1ула т1олалго студентал цо бак1алдеги рак1арун. Нижер пикру ккана дандч1ваял т1орит1изе щибаб ц1алул заведениялда. Гьелъие кьуч1ги лъолеб буго нуж ц1алулеб университеталдасан. Нилъ киназдаго лъала, инсанасе т1оцебесеб иргаялда, чара гьеч1ого, х1ажатаблъун сахлъи кколеблъи ва гьеб ц1униялъе квербакъулев чилъунги тохтур вук1уневлъи. Нужеца т1аса бищараб махщел буго инсанасе ц1акъ х1ажатаб, гьеч1ого г1олареб махщел. Нуж руго ч1ах1ияб г1ел хисизе ругел г1олилал. Нижер мурадги буго нуж лъик1ал къиматазда ц1али, нужеца нужерго лъай борхизаби ва нуж махщел камилал, г1адамаздехунисеб бербалагьи лъик1ал, х1еренал, х1алимал тохтурзабилъун рахъин. Нилъер район бечедаб буго, унго-унгояб бах1арзаздалъунги, махщел камилал устарзабаздалъунги, лъик1ал г1алимзабаздалъунги. Нилъ ч1ух1арал руго нилъер районалдаса Россиялъул бах1арзал Арзулум Ильясовасдаса, Юрий Салимхановасдаса, М-казим Гъайирхановасдаса, Социалистическияб зах1маталъул бах1арчаг1аздаса, олимпиадаялъул чемпионаздаса ва г1емерал, Россиялъул ва т1олгодунялалъул роцада, бергьенлъи босарал спортсменаздаса. Гьединаллъун рихьизе бокьила нижее нуж киналго. Кирехун кканиги, нужеца нилъер районалъул мац1ги ц1арги борхатго ккве ва гали щулаго цебехун т1аме,-ян».**

Хадур к1алъазе рахъарал - Хасайбат Нуцаловалъ, Мансур Г1исаевас, Т1агьир Х1усейновас, Расул Лат1иповас, Руслан Шахбановас, профессор Сулейман Маммаевас, деканасул кумекчи Мурад Г1абдулмуслимовас гьениб бицана тохтурасул х1алт1ул къиматалъул ва гьелъулъ дандч1валел зах1малъабазул.

**«Унтарав сахлъизави буго тохтурасул ч1ух1и, гьесул х1алт1ул х1асил. Г1умруялъулъ нилъеда дандч1вала г1емер бат1и-бат1ияв г1адамал. Дагьалъ, лъик1го ва ц1акъго-ц1акъ унтарал. Гьезул киназулго божи бук1уна тохтурасде. Гьединлъидал, нилъеда лъала махщалида, нилъер берцинаб бербалагьиялда бараб бук1уна гьезул чорхолъ ругел унтаби нахъч1вай. Гьеб нужеда киданиги к1очон тезе бегьуларо. Гьарула т1олазего щулияб сахлъи, ц1алулъ ч1ах1иял бергьенлъаби ва гьабулеб ишалъулъ бит1ккей»**, - ян абуна гьез.

Районалъул г1олилазул рахъалдасан к1алъазе вахъарав Камал Г1абдулаевас, студентазул профсоюзалъул комитеталъул председатель Зарема Абусиновалъ жидерго к1алъаязда раг1и кьуна ц1алулъги х1алт1улъги кидаго мисалияллъун рук1ине ва умумузул нухдасан, гали тарич1ого, церехунги ине ругилан.

Данделъиялъул ахиралда Х1. Мусаевас, райадминистрациялъул рахъалдасан, щуйил къиматалда ц1алулел студентазе, рук1инесел тохтурзабазе кьуна Х1урматалъул грамотаби ва г1арцулал сайигъатал.

***С.СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.***

# Сакъатазе - кумек



Дагьал церегIан къояз, районалъул канлъи дагьазул гIуцIиялъул (ВОС) цIаралда, алдасан, ритIун рачIана кванил нигIматаздасан(ханжу, пиринчI,чакар) гIуцIарал сайигъатал. Гьел кьеялъул данделъиялда гIахьаллъана районалъул жамгIиялгун батIи-батIиял гIуцIабазул церехъаби, канлъи дагьал ва цогидалги.

Жидерго гIуцIиялъулъе кколезул рахъалдасан, ВОСалъул председатель МахIмуд Абулаевас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна М.-п.(К.-п.) Д. ГIумахановасе ишалъулаб кумек гьабуралъухъ.

Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. ГIумахановасул рахъ

# Нузират Бартиевалъе - медаль

2014 соналъ, рукъалда цIа рекIараб мехалда, Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул тIоцебесеб классалъул цIалдохъан Бартиева Нузират Маратовналъ хвасар гьаруна цо ва кIиго сон барал жиндирго вацал.



Гьеб бахIарчилъиялъе гIоло, гьаб соналъул 27 декабралда МахIачхъалаялда тIобитIараб данделъиялда, Дагъистан Республикаялъул МЧСалъул Управлениялъул начальник, генерал-майор Нариман МахIмудович КазимахIамадовас Нузират Бартиевалъе кьуна, Россиялъул Федерациялъул МЧСалъул министр В.А. Пучковасул №218-К буюрухъалда рекъон, **«ЦIаялдаса хвасар гьаруралъухъ»** абураб медаль, къиматаб сайгъат ва тIугьдузул квацIи.

***Редколлегия.***

# Цоги къват1алъе ц1ар кьуна

**«Чапар»** газеталъул араб номералда (№51, 25.12.2017с.) бахъун бук1ана Дилим росдал цо къват1алъе, такъсирчаг1азул квердасан хварав, полициялъул к1удияв сержант Г1.Х1ажиевасул ц1ар кьеялъе т1обит1араб данделъиялъул х1акъалъулъ. Гьединабго данделъи т1обит1ана 21 декабралдаги.

Росдал цо къват1алъе кьуна такъсирчаг1азул квердасан г1умруялдаса ват1алъарав, ОМОНалъул х1алт1ухъан Бийсултан Х1айбулаевасул ц1ар.

Гьеб тадбиралда г1ахьаллъана – районалъул бет1ерасул заместителал: И.И.Шабазов ва И.Б.Салимханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гъирисханов, **«Джага»** турфирмаялъе нухмалъулев Ю.Салимханов, полициялъул полковник Г1.Х1усейнов, ОМВ-Дялъул начальникасул кумекчи Р.Г1исаев, Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.Адимирзаев, Муфтияталъул рух1ияб лъайкьеялъул нилъер районалда бугеб отделениялъе нухмалъулев М.-а.Инаг1абасов, Бийсултанил г1агьа-божарал, гьудул-гьалмагъзаби, лицеялъул **«Салатавия»** клубалъул ц1алдохъаби ва гь.ц. Данделъи бачуней лицеялъул муг1алим М.Яндаевалъ гьениб бицана Бийсултанил г1умруялъул ва гьесул бах1арчилъиялъул.




К1алъазе рахъарал – И.И.Шабазовас, Г1.Х1усейновас, Гъ.М.Гъирисхановас, Р.Г1исаевас, Х1.Адимирзаевас, М.-а. Инаг1абасовас ва цогидазги гьениб бицана г1олеб г1елалъе патриотикияб лъай кьеялъулъ гьединал тадбиразул бугеб к1варалъул, бах1арзал к1очон тезе бегьунгут1иялъул. Гьединго, гьез баркала загьир гьабуна Бийсултан г1езавураб хъизаналъегун г1агарлъиялъе. Г1агьа-божаразул рахъалдасан к1алъазе вахъарав Ю.Салимхановас рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна къват1алъе Бийсултанил ц1ар кьеялда т1ад х1алт1арал киназего.

Тадбир ахиралде щвана гьеб къват1алъул цо рукъалда мемориалияб мармаралъул хъарщи лъеялдалъун ва, къват1алъе Бийсултанил ц1ар кьеялда хурхун, гьабураб яргъилаб залпалдалъун.

***И.ИДРИСОВ.***

# Прокуратура извещает...

Мировой судья судебного участка № 116 района вынес приговор в отношении жителя села Буртунай Гаджиева М.М. Он признан виновным в совершении преступления, предусмотренного ст. 264.1 УК РФ (нарушение правил дорожного движения лицом, подвергнутым административному наказанию).

В судебном заседании установлено, что в ноябре 2017 года Гаджиев М.М. совершил умышленное преступление против безопасности движения и эксплуатации транспорта, а именно, управлял автомобилем, находясь в состоянии опьянения и будучи подвергнутым административному наказанию за управление транспортным средством в состоянии опьянения.

Судом осужденному, с учетом позиции государственного обвинителя прокуратуры района, назначено наказание в виде обязательных работ на срок 280 часов, с лишением прав управления транспортным средством сроком на 2 года.

*М.М.ХАЛИЛОВ,*
*прокурор района, старший советник юстиции.*

# ОМВД сообщает...

В период проведения Общероссийской новогодней ёлки и новогодних праздничных мероприятий сохраняется опасность совершения террористических актов и других тяжких преступлений на территории Казбековского района.

В эти дни новогодние праздничные мероприятия пройдут и в населенных пунктах района, проведение которых осложняется возможным совершением террористических актов и противоправных экстремистских акций радикальными группировками.

В целях оказания содействия ОМВД в поддержании правопорядка, обеспечении общественной безопасности, предотвращения террористических актов и других тяжких преступлений в указанный период, при нахождении на улице, в местах массового пребывания людей, жителям района необходимо обращать внимание на:

-внешний вид окружающих (одежда не соответствует времени года, либо создается впечатление, что под ней находится какой-то посторонний предмет); -странности в поведении окружающих (проявление нервозности, напряженного состояния, постоянное оглядывание по сторонам, попытки избежать встречи с сотрудниками правоохранительных органов); -брошенные автомобили, подозрительные предметы (мешки, сумки, рюкзаки, чемоданы, пакеты, из которых могут быть видны электрические провода, электрические приборы и т.п.).

Не принимать от незнакомых людей свертки, коробки, сумки, рюкзаки, чемоданы и другие сомнительные предметы даже на временное хранение, а также для транспортировки. При обнаружении подозрительных предметов не приближаться к ним, не трогать, не вскрывать и не передвигать.

В качестве маскировки для взрывных устройств террористами могут использоваться обычные бытовые предметы: коробки, сумки, портфели, сигаретные пачки, мобильные телефоны, игрушки.

Объясните это Вашим детям, родным и знакомым. Не будьте равнодушным, Ваши своевременные действия могут помочь предотвратить террористический акт и сохранить жизни окружающих.

Обо всех подозрительных ситуациях незамедлительно сообщать в дежурную часть ОМВД России по Казбековскому району по телефону: 99-48-22, 21-4-04.

*А.Г. ХАЛИДОВ,*
*начальник ОМВД, полковник полиции.*

# ОГИБДД СООБЩАЕТ...

На территории Республики Дагестан продолжает оставаться высоким уровень детского дорожно-транспортного травматизма. В каждом десятом дорожно-транспортном происшествии страдают юные участники дорожного движения.

***ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району в период с 26 декабря 2017 года по 10 января 2018 года на территории района будет проводить 4-й этап профилактического мероприятия «Внимание -дети!».***

В рамках этого мероприятия сотрудники отделения ГИБДД будут проводить работу с детьми, родителями и в образовательных учреждениях. Состоятся классные часы, «круглые столы», семинары с участием воспитателей, педагогов-психологов, преподавателей, занимающихся обучением детей навыкам безопасного поведения на улицах и дорогах. На заседаниях родительских комитетов и родительских собраниях пройдет обсуждение вопросов по профилактике и предупреждению детского дорожно- транспортного травматизма. В рамках мероприятия «Внимание - дети!» также пройдет инспектирование образовательных учреждений региона сотрудниками ГИБДД.

ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району напоминает, что в дни зимних каникул на улицах района увеличится количество юных пешеходов, просим всех водителей транспортных средств быть предельно внимательными при проезде пешеходных переходов, остановок общественного транспорта и мест расположения детских образовательных учреждений.

Напоминаем, что автомобиль является источником повышенной опасности и управление им должно происходить в строгом соответствии с Правилами дорожного движения. Родителям рекомендуем со своими детьми еще раз провести разъяснительные беседы по правилам перехода проезжей части и основам безопасности на дорогах.

С 26 по 31 декабря 2017 года на территории района было проведено оперативно-профилактическое мероприятие «Контроль трезвости».

Целью мероприятия явилОсь установление и привлечение к административной ответственности лиц, управляющих транспортными средствами с признаками алкогольного опьянения.

# Операция «Ремень безопасности»

В целях усиления и активизации работы по снижению тяжести в дорожно-транспортных происшествиях, на территории Республики Дагестан, в том числе и в нашем районе, с 20 декабря 2017 года проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Ремень безопасности», в ходе которого сотрудники ОГИБДД ОМВД, при взаимодействии с иными службами и подразделениями ОМВД России, будут «отрабатывать» транспортный поток с максимальным охватом.

Цель операции – привлечение водителей к административной ответственности за управление транспортным средством не пристегнутым ремнем безопасности (статья 12.6 КоАП РФ), который предусматривает наложение административного штрафа в размере 1000 (одной тысячи) рублей.

Обращаем особое внимание участников дорожного движения, что использование ремня безопасности значительно снижает риск гибели и получения тяжелых травм водителем и пассажиром автомобиля.

*Р.С.МАГОМЕДАЛИЕВ,*
*начальник ОГИБДД ОМВД по Казбековскому району.*

# Спасибо вам, люди в белых халатах



Я житель с.Калининаул и нахожусь в том возрасте, когда часто приходится обращаться к врачам.

В 90-е годы я работал заместителем главного врача ЦРБ по экономическим вопросам и не понаслышке знаю главные проблемы (с тех пор многое изменилось) больницы и врачей.

Здание ЦРБ было построено в 70-е годы прошлого века и с тех лет оно не подвергалось капитальному ремонту. Терапевтическое и неврологическое отделения больницы отремонтированы и имеют приятный вид, а остальные остались такими же, какими были много лет назад.

Некоторые люди спешат обвинять руководство и врачей больницы в том, что здание не ремонтируется, не бывает необходимого инвентаря, приборов, лекарств и т.д.. Врачи ли тут виноваты?!

Поверьте мне, коллектив ЦРБ, во главе с М.-р. Латиповым, делает все, чтобы больные получали необходимые лекарства, и они постоянно чувствовали заботу.

Недавно я попал в хирургическое отделение нашей районной больницы. Приятно было увидеть там медицинских сестер, «старой» закалки: А.Сайпудинову, А.Омарову, Р.Умаргаджиеву, З.Нуцалову, врача Ю.Адачова.

Их внимательность, вежливость, чистота отделения и питание, вовремя оказываемая помощь во всём и всем персоналом отделения, способны за короткое время поставить на ноги больного. Любой из нас знает, что врач хирургического отделения может быть вызван на работу в любое время суток, у него, как у других, не бывает выходных. И с этим прекрасно справляется заведующий хирургическим отделением Ю.Адачов.

Через нашу газету «Чапар» хочу выразить огромную благодарность главврачу М.-р. Латипову, его заместителю А.Абдулаеву, врачу Ю.Адачову и всему персоналу хирургического отделения.

Пользуясь случаем, хочу поздравить всех работников ЦРБ с наступающим Новым годом, пожелать им хорошего здоровья, счастья, безоблачного неба и успехов в работе.

*Г.ГИРИМОВ, с.Калининаул.*

## Встреча с председателем Союза детских писателей

9 декабря в Ленинаульской средней школе №1 состоялась встреча с председателем Союза детских писателей В.И. Львовой.

Целью этой встречи было выявление одарённых детей, прививание им любви к чтению. Для этого были организованы: литературный конкурс «Проза - детям» (1-4кл.), круглый стол «Программируем счастье» (10 кл.). Конкурс «Проза – детям» является традиционным и проводится с 1998 года. Подводя итоги этого конкурса, В.И.Львова наградила учащихся и учителей медалями, грамотами и дипломами.

В конце встречи директор школы Х.Н. Аскендерова поблагодарила гостью и вручила В.И. Львовой памятный подарок.

*А.М. УМАРОВА, заместитель директора.*

*Зарема МУХIАМАДОВА, ИчкIа росу.*

## Эбелалъул къимат цIуне кидаго

*Ракьалда бищунго дуе хирияб*
*Хазина щибилан дида гьикъани,*
*Дица жаваб кьела йокьулей эбел,*
*Лъица щиб кьуниги, мун хисуларин.*

*Дие гIумру кьурай, гIезе гьаюрай,*
*ГIедал дир ургъелал цадахъ рикьарай,*
*Борхатаб магIарда тIегь гIадай эбел,*
*ТIогьол байдабазда нургIадай эбел.*

*Къаси зодихъ цIвалъун кунчIулей эбел,*
*Къечедал кIал чIвалей ицц гIадай эбел.*
*Дир кинидахъ дие кучIдулги ахIун,*
*Дир макъу цIунарай йокьулей эбел.*

*Дие гIакълу кьурай, тарбия кьурай,*
*Свакго жинда лъачIей, мугIалим - эбел.*
*Мун дир дару йиго, дир дарман йиго,*
*Кидаго ятулей гьалмагъги йиго.*

*Эбел, дица дуе сахлъи гьарула,*
*Ургъел дагьаб гIумру дуе гьарула.*
*Лъималазе дуца бицунеб рагIи,*
*Найил тIогьолъ бугеб гьоцIойин ккола.*

*Сабру Алжаналъул кIул букIин лъала,*
*Алжаналъул кIул мун, сабурай эбел.*
*Бокьун батанани нужее Алжан,*
*Эбелалъул къимат цIуне кидаго.*

*ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ, Гъизилюрт шагьар.*

## Гьекъолдухъанасде

Чорхол тату хола, бетIер унтула,
МагIна гьечIеб хабар, гIемер бицуна.
ГIакълу, лъаялъул рахъ гIодобе ккола,
Макьил гIадлуги хун, гIантав лъугьуна.

Кверал тIуртIудула, бетIер гьанкIола,
Беразул нур суна, сипат хисула.
Бидул тIаде цуйги эхеде борхун,
БетIералда жаниб, зузуй бахъуна.

Гъумер бищцалъула, цаби роргула,
Жанисан ригарал берал чвахдола.
Гьодилъан къулараб къаркъалаялъул,
ТIасан тIом бакъвала, рукьби чвархъола.

ТIулалда унти ккун, черх тIогьиллъула,
Каранзул лугбузде гIузру рещтIуна.
Жеги гIолохъанав чи вукIаниги,
Херав чиян ккола балагьараздa.

КъватIул бахIриялда релълъунги вахъун,
ГIадамаца гьасда квешаб цIар лъола.
КъотIносан унелъул, тартариялда,
Тихь-тихьун рехун ун, гIодов речIула.

Хъатикь ккун букIараб, гьекъон лъугIичIеб,
Шиша, къадалъ тункун, къвахьан бекула.
Цинги хIалхьиялда, хIарщулъги вегун,
Анищалги гьарун, гьаракь биччала.

-Дир хирияб шиша, гIагараб шиша,
Гьекъон лъугIичIого, бекараб шиша.
Аман жакъа лъикIан, рукъ бакьулъги лъун,
ТIину тIаде борхун, гьекъезе шиша.

Унтараб ботIрое, дару гьабизе,
Гьунарги кIудияб, дур букIунаан.
БакIлъараб гвангвара тIадагь гьабизе,
Пайда щиб, гьечIелъул цоги бетIер хъахI.

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

## УНЕБ БУГО ГIУМРУ...

*ГIумрудул соназда саву*
*лъурабго,*
*РекIелъе пашманлъи*
*щайдай лъугьунеб?*
*Гьурмада ризлъулел*
*рукIкIалабаца,*
*Арал дол къоязул щайдай*
*бицунеб?*

*Ана бащдаб гIасру дир*
*гIумруялъул,*
*ГIемерал рукIуна*
*ракIалдещвеял.*
*Рохелгун пашманлъи*
*цоцалъ журарал,*
*ТалихIай йикIине анищал*
*ругеб.*

*БукIана лъимерлъи ва*
*гIолохъанлъи,*
*Ургъел-агъаз гьечIеб,*
*гIанчIаб замана.*
*Кинабго хутIана доба*
*рикIкIада,*
*РекIкIаб заман буго*
*гьанже бихьулеб.*

*ДандчIвала гIадамал*
*батIи-батIиял,*
*ХIилла-рекIкI гIемерал,*
*божилъи гьечIел.*
*Ратула цо-цоял ракIал*
*рагьарал,*
*Гьединалъ бихьула*
*гIумрудул магIна.*

*Кин г1умру аниги, рецц*
*Аллагьасе,*
*Г1умрудул сонал дией*
*сайгъат гьарурав.*
*Разияй йиго дун,*
*АльхIамдулиллагь,*
*ГIумрудул нухдаса таризе*
*течIей.*

*ГIабдуразакъ МУХIАМАДОВ ИчкIа росу.*

## ЦIияб сон!

Хъощгелди, ЦIорол Дада,
ЦIияб сонгун вачIарав,
Лъимал духъ чIалгIун
ругин,
РачIун ругищ сайгъатал?

Сон хисун ЦIияб щванин,
Щиб гьелъ нилъей
бачIараб?
Рекъелги гьудуллъиги
ХIажат бугин халкъалъе.

Баракатгун,рахIматгун
Рикъзигун щун батаги,
Щибаб хъизан гIорцIулел
Рукъзал нигIматаз цIеги.

ЦIалулъ бергьенлъи щваги
ХIалтIизе къуват кьеги,
ХIалихьатал къасдазда
Къоно тIад щула чIваги!

Къал-питна тIаса аги,
Ургъел рекIелъа аги,
Рекъелгун парахалъи,
Ракьалда даимлъаги!

*Бесират ГIАДУЕВА, Гуни росу.*

## ГЬЕЧIО МУН ТIОКIАЛЪ

Дир зигара бараб къваридаб сарин,
Каранде данде къан, гIоде дир яцал.
ГIаздаде бортанин кьер берцинаб тIегь,
ТIокIаб их бачIунин гьеб тIегьаларо.

Дуниял туснахълъун даим бихьарай,
Ахиратищ дарман дуе бокьараб?
Халатаб сапаралъ къачIан йитIанин,
Къокъал рукIун ругин дуй кьурал сонал.

Дида рихьана дур нур сунел берал,
РагIана унтараб рекIел зигарди.
ХIал лъазе теларин, магIуги кълчIун,
Къваридал рукIана дол къоял дие.

Дуда барахщана, гIемер кIалъазе,
КIвечIо гIемер мехалъ духъ ялагьизе.
Дуца бицун тараб гIемераб хабар,
Тату холеб букIин баян гьабулеб.

Нижеда кидаго мун кIоченаро
КIудияб яхIалъул, нижер Марижат.
НакIкIукье тIерхьараб хинлъи кьолеб бакъ,
Щай къварид гьарурал гьудул-гьалмагълъи.

*МухIамад БАЗАЕВ, Гуни росу.*

## Хвел ришватаз нахъе чIвалеб жо гурин...

*Гьаб дуниялалъул дуе хиралъи,*
*Гьеб дурго хазина бугеб кинниги.*
*Алжан жужахIалъул дуй гьечIеб ургъел,*
*Мунго лахIтуялъув лъоларев гIадин.*

*Кванай гьекъеялъул дуй гьечIеб ургъел,*
*Гьелъул жаваб кьезе кколарев гIадин.*
*Мунагьал гьаризе дур хIинкъунгутIи,*
*Аллагьасда цеве чIоларев гIадин.*

*Ракьулъе уневлъи лъан бугониги,*
*Бигьунебго гьечIо мехтараб дур черх.*
*Чанги хобгун лахIту къачIананиги,*
*РекIел нуцIби рагьун, балагьуларо.*

*Къаникье уневлъи баянлъаниги,*
*Хисуларо гIамал гьеб дур черхалъул.*
*Молода лъолевлъи хIакълъананиги,*
*ХIадур гьабун бугищ цадахъ босулеб?*

*ГьотIол тIанхал гIадин, цо-цо ккун рортун,*
*Унел руго нилъер гIумрудул къоял.*
*Хвел ришватаз нахъе чIвалеб жо гурин,*
*Дагьав ургъун хьваде, мекъи ккелелде.*

*Хайрудин ВИСАИТОВ, Калининаул росу.*

## Щай рехун тараб?

Эбелаб ракьалъул бечелъиялъул,
Къимат гьабулел щай дагьлъулел ругел?
Гьелъ кьолел нигIматал, гьелъул баракат,
ГIорцIун ругелъулищ босулеб гьечIеб?

Ракьулъе рехараб гьитIинаб мугьалъ,
ЦIоросаролъил гъветI борхун бачIуна.
ХIобода бижараб кIиго, лъабго лъел,
ЧIучIун, цIараб мехалъ кило батула.

Корохъ гьанк1ун, гьабихъ ханжу хенола,
Гьелъул махIалъ рекIей асар гьабула.
ХинкIалгун мучари кваналеб мехалъ,
Умумузул захIмат цебе тIамула.

Умумуз гIетIги тIун, рекьарал хурзал,
Гьанже язихъ руго,чIахIил цIун руго.
Гьез аманат гьарун нилъее тараб,
Ракь хIалтIизабулел рихьулел гьечIо.

# «КВН-2017» тIобитIана

26 декабралда районалъул культураялъул Централда тIобитIана школалъул лигаялъул музыкалияб фестиваль «КВН-2017». Районалъул бетIерасул кубокалъе гIоло тIобитIараб гьеб тадбир хIадур гьабиялда тIад хIалтIана ФКялъулгун спорталъул, туризмалъулгун гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отдел. Культураялъул отделалъул ва РУОялъул кумекалдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана росабазул школаздаса 8 команда (ЛСШ №1, ЛСШ№2, КСШ, лицей, Гуни росдал гимназия, ГСШ, ИСШ ва БСШ). Фестиваль тIобитIиялъул мурадлъун букIана махщел бугел цIалдохъаби тIатинари, хIухьбахъиялъул батIи-батIиял къагIидабазде гьел цIайи, гьезул цоцалъ бухьен щула гьаби, КВН гIадинал хIаял гьезда гьоркьор машгьур гьари ва гь.ц.



Абизе ккола нилъер цIалдохъабазда гIезегIанго лъалел ругоанин сценаялда хьвадиялъул къагIидаби, гьез гьениб бихьизабуна махсаро-хочI гьабизе, кучIдул ахIизе, кьурдизе бугеб махщел. Жидерго командабазул рахъ ккевезе рачIараз цIураб залалда, **«гIеч бортизе»** бакI букIинчIин, абуни мекъи ккеларо.

ХIасилал гьарун хадуб, баянлъана цоабилеб бакIалде Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул команда бачIараблъи,кIиабилеб бакI лицеялъул командаялъ ва лъабабилеб-Буртунаялъул гьоркьохъеб школалъул командаялъ босараблъи.

Призалъулал бакIал ккуразе гьенир кьуна, райадминистрациялъул рахъалдасан кубокал,грамотаби ва гIарцулал сайигъатал. Грамотабаздалъун кIодо гьаруна командабазе нухмалъулелги. Жиндирго рахъалдасан,гьел командабазе гIарцулал сайигъатал кьуна **«ГIумаров»** КФХялъул бетIер Тимур ГIумаровас. Гьединго, щибаб команда гьениб кIодо гьабуна мандариназул ящик кьеялдалъунги.

*М. ИБРАГЬИМОВ, ФКялъулгун спорталъул,туризмалъулгун гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул бетIерав специалист.*

# Росдал бетIерасулгун дандчIваялда...

Дагьал церегIан къояз **«Чапар»** газеталъул редакциялъул гьоболлъухъ вукIана Гъоздала росдал администрациялъул бетIер Абакар Гъиримсултанович Абакаров. Нижеца гьесда гьарана цо чанго суалалъе жаваб кьеян.



***1. Абакар Гъиримсултанович! КигIанасеб заман гIураб мун росдал бетIерлъун вачIаралдаса?*** Гьеб букIана 2015 сон. ГIолилалгун дун вукIана росдае пайдаялъе цо хIалтIи гьабулев. Гьез абуна: **«Абакар, дуца разилъи кьуни, мун росдал бетIерлъун вищиялъе нижеца квербакъила»,-**ян. Гьедин, 2015 соналъул ноябралда, дун вищана росдал бетIерлъун.

***2. ХIалтIуде байбихьарабго, кинал аслиял масъалаби дуца дудаго цере лъурал?*** Нижер росу ккола районалъул гьитIинал росабазул цояблъун. Амма, гьелъухъ балагьичIого, масъалаби руго цогидал росабазул администрациябазда цере чIарал гIадал.(минаби разе ракь, нухал, къоял, лъим, газ, ток ва гь.ц.) Гьай-гьай, тIоцебесеб иргаялда,дун хIалтIана росулъ лъим чIезабиялда тIад. КIиго бакIалдасан лъим бачиналъе нижеца лъуна (I400м. манзилалда) батIи-батIиял гIатIилъабазул трубаби, шлангал. Гьезул цоялде тIаде (600м. манзилалда) бахъана нухги.

Гьединго, къватIазда канлъи чIезаби мурадалда, лъуна 60 хасаб лампочка. Росдал нухазде араб соналъ бана 80 **«КАМАЗ»** машина чабхил, гьаб соналъ-30. Биххана ва цIидасан къачIана, районалъе гуребги, кIвар бугеб кьо, шагьранухде бана чабах(80 рейс).

***3. Гьел масъалаби тIуразе дуе кисан рес щвараб?*** Узухъда, цо дидаго гьеб хIалтIи гьабизе кIолароан. Дие кумек гьабуна районалъул администрациялъ, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. ГIумахановас, росдал жамагIаталъ ва спонсораз. Щиб хIалтIи гьабизе кканиги, дие хIалае рахъуна - М.ГIалиев, А.ШахгIабасов, С. Абукъасимов ва цогидалги.

***4. Кинал суалал хутIарал гIумруялде рахъинаризе кIвечIел?*** Гьединал суалал жеги гIезегIанго руго. ТIоцебесеб иргаялда хIажат буго спортзал цIи гьабизе. Гьелъие материал хIадур буго. Гьединго, нухалъул рагIаллъабаздасан лоткаби лъезеги руго. Гьелъиеги нижее кумек гьабуна М.-п. (К.-п.) ГIумахановас.

***5. Росдал гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизаби мурадалда гьарулел хIалтIаби кинал ругел?*** Дица рехсарал хIалтIаби (гьимулаго) гьелъие гурелищ гьарулел ругел?! Ругониги, дир рахIат хвезабулел суалазул аслияблъун ккола гIолилазе росулъ хIалтIи гьечIолъи ва гьел росу тун къватIирехун унел рукIин. Гьай-гьай, росдал жамагIаталда цере чIарал масъалаби, дагь-дагь ккун, бетIералде рахъинаризе кIвела, амма гIолилал росулъа унел ругони, гьелъул букIиниселда хIинкъи буго. Щиб лъалеб, заманалдасан гьеб суалалда тIад хIалтIулеб мехги бачIине бегьула. Писи-бикъинал хIалтIаби камун, узухъда, рукIунаро. Гьел нижер жамагIаталъ, гьоркьор къотIизе течIого, гьарула.

6. ***Абакар Гъиримсултанович, щиб гьаризе бокьилеб дуе тIаде щвараб 2018 соналъ росуцоязегун районцоязе?*** Дица тIолалго районцоязда баркула ЦIияб сон! Гьарула гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихI,гьабулеб ишалъулъ битIккей, цоцалъ гъункун ва цолъун церехун ин.

*Гара-чIвари гьабуна М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВАС.*

# Аварагасул(с.г1.с.) г1адлуялъул камиллъи

Г1адлуги рит1ухълъиги нилъер Аварагасул(с.г1.с.) бидулъги гьаналъги бессун бук1ана. Авараглъи кьезег1анго цебе, зулму гьукъиялъул мурадалда, къурайшияз данделъи гьабун бук1ана. Гьелда Хириясги(с.г1.с.) г1ахьаллъи гьабуна. Гьеб данделъи Аварагас (с.г1.с.)авараглъи кьун хадубгицин рак1алде щвезабулаан. Гьес абулаан: ***«Гьеб данделъиялда г1ахьаллъи гьаби дие бокьана бищун лъик1аб тайпаялъул варанабаздасаги ц1ик1к1ун»***, - илан. Бадруялда асир гьарурал капурзаби, гьезухъа г1арацги босун, асирлъиялдаса тархъан гьарулаан хирияв Аварагас (с.г1.с.). Гьенив асирлъиялде ккун вук1ана гьесул инсул вац Г1аббас (р.г1.). Цо-цояз, Аварагасул (с.г1.с.) инсул вац вугелъул,гьесухъа жо босич1ого, теян абулеб бук1ана. Аварагас (с.г1.с.) абуна: «Гьесулги, гьесул васасулги, гьесул вацасул васасулги, лъабазулго х1акъги босун гурого, асирлъудаса виччагеян абун. Хирияс (с.г1.с.) абулаан: ***«Дир яс Фат1иматица чияр жо бикъарабани, валлагьи, дица гьелъулги квер къот1изе бук1ана»,*** - ян. Хвелалде цеве, унтун вугеб мехалъги, Хирияс (с.г1.с.)мажгиталъуб, халкъалда цевеги вахъун абуна: ***«Дица боц1удалъун, яги черхалдалъун, яги раг1удалъун зарал гьабурав цониги чи нужеда гьорлъ ватани, гьале дунги,гьале дир боц1иги, дир черхги, дидаса жакъаго къисас босе»***, - ян. Хадубги гьес абуна: ***«Нужер бищун дие вокьулев чи дидаса къисас босарав чи вуго,яги дие х1алаллъи кьун, т1аса лъугьарав чи вуго»***,-ян.

*Исламияб календаралдаса босараб.*

# Х1ежалде ине изну щвана

Дагьал церегIан къояз Казаналда тIобитIараб ТIолгороссиялъул исламияб олимпиадаялда гIахьаллъарав Гертма росулъа МухIамадгIариф Мажидов мустахIикълъана 1-аб. даражаялъул дипломалъе ва гьесие щвана 2018 соналъ, чIобого, хIажалде ине изну.

Росуцояз ракI-ракIалъ баркула МухIамадгIарифида щвараб бергьенлъи, гьарула гьесие сахлъи, рохел ва гьабулебщиналъулъ битIккей.

*С.-М. САГИТМУХIАМАДОВ, Гертма росу.*

# Щуго проект

Дагъистаналде щвана **«ГIисинабги гьоркьохъебги предпринимательство цебетIезабиялъул федералияб корпорация»** ОАОялъул генералияв директор Александр Браверманги РФялъул Севернияб Кавказалъул ишазул министрасул заместитель Ольга Рухуллаеваги. Гьел гIахьаллъана ДРялъул бетIерасул ишал тIуралев Владимир Васильевас тIобитIараб данделъиялда.

Данделъиялда хасаб кIвар буссинабуна гIисинабги гьоркьохъебги предпринимательствоялъул бизнеснавигаторалдеги. Александр Браверманица бицана корпорациялъ гьеб интернет-сурсатал хIадуранин 20I6 соналда ва цIияб иш рагьизе яги бугеб кIодо гьабизе къваригIарав бизнесменас гьелдаса, чIобого, пайда босизеги бегьулин.

# МацI гьечIони, миллат хутIиладай?

ДРялъул хIукуматалда тIобитIана республикаялъул бетIерасда цебе бугеб ЖамгIият цебетIеялъул ва инсанасул ихтиярал цIуниялъул советалъул данделъи.

Гьеб рагьулаго, рехсараб советалъул председатель Зикрула Ильясовас бицана РФялъул президентасда цебе бугеб ЖамгIияб цебетIеялъул ва инсанасул ихтиярал цIуниялъул советалъул член Александр Бродилгун дагьаб цебе букIараб дандчIваялъун хIакъалъулъ. **«Гьеб данделъиялда кIвар буссинабуна республикаялда инсанасул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалде ва къотIи ккана цадахъ рекъон хIалтIи гьабизе»**, -ян бицана З.Ильясовас. Жакъа республикаялда цIакъ захIматаб ахIвал-хIал лъугьун буго миллиял мацIазда сверухъ. **«ГьабсагIаталда Дагъистаналъул мацIал ккун руго гIурус мацIалъул къоринире ва къойидаса къойиде рахьдал мацIал лъалел чагIи дагьлъулел руго. Щибаб жоялъул букIуна гIорхъи. Дир хIисабалда, миллиял мацIалги щун руго жал хIажат ругищ, ялъуни гьечIищ абураб бакIалде. Гьеб гIорхъи бахани, хIакъаб жо, гьел тIадруссинаризе захIмалъизе буго. Гьединлъидал, къваригIун буго щиб букIаниги ургъизе. Ахириял соназда гьеб масъалаялда сверухъ республикаялда къабул гьабуна 5-6 документ, амма гьел гIумруялде рахъинарулел гьечIо»**, -ян абуна З.Ильсовас.

*«Х1акъикъат» газета №50*

(Байбихьи 35,36,37,38, 39, 40, 41,42,43,44,45,46,47,48,49,50,51 номеразда)

# XIурматиял районцоял!

***«ВатIаналъул солдатал», «РакIалдещвеял» тIахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагIараб Армиялдеги ун, гьенир ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал.Гьезул къадар бащалъулеб буго 1600 чиясда.***

***Газеталъул арал номеразда(№49, 50, 51) нижеца рахъана Алмахъ росулъа 1938-1945 соназ Баг1араб Армиялде аразул ц1арал, жакъасеб ва хадусел номераздаги рехсезе руго гьезул ц1арал, т1уранго, ахиралде щвезег1ан.***

142. Батиев Халит -1913
143. Дагуев Магомедгаджи -1905
144. Дагуев П. -1911
145. Дадагишиев Зирар -1926
146. Дадаев Боркихан - 1901
147. Дадаев Ажат -1921
148. Дадаев Алхан -1912
149. Дадаев Дада -1903
150. Дадаев Максуд 1913
151. Дадаев Расул - 1919
152. Дадаев Магомед-апанди -1924
153. Дадаев Магомедхабиб -1924
154. Далгатов Тайманав -1913
155. Далгатов Далгат -1919
156. Далиев Зайнодин -1924
157. Даудов Магдигаджи -1912
158. Давудов Исрап -1901
159. Дахадаев Исмаилгаджи -1908
160. Девлетгереев Магомет -1907
161. Джабраилов Магомед -1922
162. Джамалов Гарун 1926
163. Джамалов Абдусалам -1907
164. Джамалов Абдулкадыр - 1915
165. Джамалов Жалалодин -1911
166. Джамалов Нажбудин -1911
167. Джансуев Шайихмагомед -1911
168. Джангишиев Гаджи -1921
169. Джантемиров Абдулхамид -1907
170. Джантемиров Абубакар -1903
171. Динаев Зайнодин -1910
172. Динаев Мухтар -1920
173. Динаев Хайрула -1902
174. Долгатов Долгат – 1919
175. Деньгаев Батрудин - 1909
176. Жабаев Абдулхаким -1911
177. Жабаев Жангу 1907
178. Жабаев Шахрудин -1903
179. Жабаев Будайхан -1895
180. Джамалов Абдулкадир -1909
181. Жамалов Нажбодин -1911
182. Жансудинов Тажодин -1911
183. Жамалов Абдусалам -1907
184. Завурбегов Муса -1903
185. Зайидов Каримола -1913
186. Зайпулаев Магомедсаид -1923
187. Зайпулаев Ахмедхан -1920
188. Закаев Гасан -1907
189. Закаев Госен -1909
190. Закавов Иса -1915
191. Закарьяев Магомед -1904
192. Занкиев Магомед -1922
193. Занкиев Макашарип -1919
194. Зияродинов Магомедгаджи -1921
195. Зияродинов Расул -1911
196. Зубайриев Убайс -1913
197. Зубайриев Харсилав -1914
198. Зубайриев Алумирза -1920
199. Ибрагимов Абдулкадир -1900
200. Ибрагимов Бексултан -1919
201. Ибрагимов Закарьяв -1906
202. Ибрагимов Пайзула -1906
203. Ибрагимов Магомед -1913
204. Идайлаев Асадула -1920
205. Идайлаев Умар -1911
206. Идирисов Басир -1923-
207. Идрисов Кази -1920-
208. Идрисов Нугман -1925
209. Идрисов Байсурука -1914
210. Идрисов Гаджи -1908
211. Илиясов Магомедхабиб -1921
212. Илиясов Хабиб -1920
213. Ильясов Джаватхан -1912
214. Имамагомедов Нурмагомед -1923
215. Имероазис Кетбы - 1917
216. Инусов Байсурука -1914
217. Иразиханов Абуталиб -1897
218. Иразиханов Тайманав -1913
219. Ирисханов Алимхан -1903
220. Исагаджиев Батимирза -1918
221. Исагаджиев Гаджимуса -1920
222. Исагаджиев Девлетмирза -1910
223. Исаев Якуб -1896
224. Исаев Абакар -1908
225. Исланов Хункар Исланович -1911
226. Исмаилов Исрапильгаджи -1924
227. Исмаилов Гайирхан -1918
228. Исмаилов Байирхан -1914
229. Исмаилов Джаватхан -1920
230. Исмаилов Насиб -1908
231. Исмаилов Гаджи -1916
232. ИсмаиловИнус Исмаилович -1909
233. Исмаилов Абдулатип -1900
234.Исмаилов Дерметхан -1906
235. Исрапилов Сулейман - 1908
236. Исубов Али -1923
237.Кабиев Акай -1926
238.Кадиев Абдулсаид -1919
239.Кадиев Абдулсамад -1907
240.Кадиев Адильгерей -1924
241.Кадиев Забит -1920
242.Кадиев Загир -1910
243.Кадиев Дали -1910
244.Кадиев Самад -1915
245.Кадиев Нажу -1910
246.Кадыров Магомедтагир -1918
247.Казакмирзаев Казакмирза -1919
248.Казанбиев Оши -1915
249.Казанбиев Тажудин -1918
250.Каирбеков Гасан -1910
251.Каирбеков Рузентр -1906
252.Каирбеков Мажид -1898
253.Камучев Магомирза -1920
254.Карамирзаев Тажудин -1888
255.Каримов Хайбула -1921
256.Каримов Сайбула -1921
257.Касумов Расул -1903
258.Киргуев Сайбодин -1896
259.Кирингишиев Магомед -1915
260.Кирингишиев Наби -1922
261.Кебедов Макат -1902
262.Кебедов Абдурахман -1925
263.Кебедов Макар -1914
264.Корголоев Гаджи -1912
265.Корголоев Муртазали -1908
266.Корголоев Магомед -1905
267.Кудуев Пейзула -1913
268.Курахмаев Гимбат -1906
269.Курахмаев Асадулла -1913
270.Курахмаев Хада -1917
271.Лабазанов Гаджи -1903
272.Лабазанов Магомедкерим -1924
273.Лахитов Бекмирза -1913
274.Мансуров Устарбег -1910

*(Продолжение следует...)*

*Спорт - инсанасул сахлъи*

# *Волейбол*



24 декабралда Калининаул росулъ тIоритIана, Салатавиялъул бахIарзал ракIалде щвезариялда хурхарал, волейбол хIаялъул къецал. **«Салатавиялъул гIолилал-терроризмалдегун экстремизмалде ва наркоманиялде данде»** абураб ахIиялда гъоркь тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана районалъул росабалъа 6 команда.

Къецазул хIурматиял гьалбаллъун рукIана – районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаев, М.ИмангIалиев, ХI.ГIумаров, ГI.Камалов, З.Ильясов, А.-наби МагьдихIажиев, Гъ.Гъирисханов, депутатал, росабазул бутIрул, волейболалъул ветераннал ва цогидалги волейбол бокьулел.

Турнирги рагьун, ХI.Мусаевас абуна: **«Ахириял соназ районалда цIикIкIунеб буго спорт цебе тIезабиялде ва гIолеб гIел гьелде ц1аялде кьолеб кIвар. Нилъеда рихьула гьедин гьабиялъул хIасилалги. Божи лъола, спорт цебетIезабиялъе хIажатал шартIал чIезаризе кIвеялда ва нилъер г1олилал спорталъул болъодул жеги тIадегIанал хIокIазде рахине рукIиналда. Районалъе нухмалъулезул ва дирго рахъалдасан дица нужее гьарула сахлъи, рохел ва кидагосел бергьенлъаби»**,-ян.

КIиго подгруппаялдеги рикьун, тIоритIарал хIаяздаса хадур, финалалде ана Гертма ва Дилим росабалъа командаби. ХIалуцарал хIаяздаса хадуб, бергьенлъи босана Дилим росдал командаялъ. Лъабабилеб бакIалъе гIоло хIана Гуни ва Калининаул росабазул командаби, бергьана Калининаулалъул команда.

Бищун лъикI хIараллъун гьенир рикIкIана - Б.Камучов ва ХI.Имамирзаев (Калининаул), Р.Булатханов ва С.Гелакаев (Дилим).

Турнир гIуцIиялда тIобитIиялъе спонсорлъи гьабуна – **«Нижер рукъ»** гIуцIиялъ, районалъул администрациялъ, Калининаул, Ленинаул, Гуни ва цогидал росабазул администрациябаз.

Призалъулал бакIал ккурал командабазе гьенир кьуна –кубокал, медалал грамотаби ва гIарцулал сайгъатал. Гьединго, лъикI хIарал кIодо гьаруна статуэткабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

***И.БУЛАТХАНОВ.***

## Микроавтобус бач1ана




**«FORD»** маркаялъул ц1ияб микроавтобус бач1ана Ленинаул росдал №2-аб. школалъе.

Россиялда т1обит1улеб бугеб **«Школалъул автобус»** программаялда рекъон бач1араб гьелъ рес кьезе буго **«Бурсум»** микрорайоналдаса ц1алдохъаби школалде ва нахъе щвезаризе.

***Информагентство «Салатавия»***

# Объявление

МКУ **«Управление сельского хозяйства Казбековского муниципального района»**, во исполнение поручения Врио главы Республики Дагестан Васильева В.А., и в целях снижения административных барьеров, повышения доступности государственных и муниципальных услуг, рекомендует осуществлять их предоставление через МФЦ.

В связи с этим, у сельхозтоваропроизводителей появится возможность получения государственной услуги **"Предоставление господдержки субъектам сельскохозяйственного производства"**, по принципу **«одного окна»**, в филиале МФЦ.

***УСХ***

## Киб ва чан хъвараб?

***Гьаб соналъул 25 декабралда ругел баяназда рекъон, 2018 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъван буго:***

| № | | Чапар |
|---|---|---|
| 1 | Алмак | 52 |
| 2 | Инчха | 107 |
| 3 | Калининаул | 94 |
| 4 | Ленинаул | 102 |
| 5 | Гуни | 121 |
| 6 | Хубар | 64 |
| 7 | Буртунай | 98 |
| 8 | Гертма | 71 |
| 9 | Дылым №1 | 210 |
| | Дылым №2 | 173 |
| 10 | Дубки | 37 |
| 11 | Гостала | 60 |
| 12 | Артлух | - |
| | **ИТОГО:** | 1211 |

*БетIерав редактор:*
*Мухтар Чупалаев ГIалиевич*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141*
*Индекс: 51354*
*Заказ №199 Тираж 1350*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*